

ADMINISTRASYON SEKIRITE SOSYAL (Social Security Administration) Aplikasyon pou yon Kat Sekirite Sosyal

Aplike pou yon Kat Sekirite Sosyal gratis!

SÈVI AK APLIKASYON SA A POU OU APLIKE POU:

- Yon Kat Sekirite Sosyal **orijinal**
- Yon kat Sekirite Sosyal **ranplasman**
- Yon **chanjman enfòmasyon** sou dosye ou

ENPÒTAN: Ou DWE bay prèw nou bezwen yo sinon nou pa kapab travay sou aplikasyon an. Swiv eksplikasyon ki pi ba yo ki ap di ou kisa pou ou ba nou kòm enfòmasyon ak prèw nou bezwen.

- ETAP 1** Li tout eksplikasyon ki sou aplikasyon an. Eksplikasyon sa yo enpòtan pou ou ka konnen ki dokiman ou dwe montre kòm prèw epi pou ou konnen kijan pou ou ranpli aplikasyon an.
- ETAP 2** Sèvi ak lank BLE oswa lank NWA pou ranpli epi pou siyen aplikasyon an. **Pa** sèvi ak kreyon oswa avèk lank lòt koulè. Tanpri ekri klè. Si ou ap pran aplikasyon sa a sou wèbsayt nou, ou dwe enprime li sou papye blan ki mezire 8 ½" X 11". (Si ou ap viv nan peyi etranje epi ou pa kapab jwenn papye ki mezire 8 ½" X 11", yon papye kalite A4 ki mezire 8.25" X 11.7" se sèl papye ki akseptab.)
- ETAP 3** Remèt aplikasyon ki fin ranpli a ansanm avèk tout dokiman nou mande yo nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

KIJAN POU OU REMÈT APLIKASYON SA A

Nan pifò ka yo, ou kapab pote aplikasyon a avèk dokiman ou yo nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal oswa voye li pa lapòs. Sepandan, si ou ap viv nan yon zòn ki genyen [Sant Sèvis Kat Sekirite Sosyal](#), ou ka bezwen vizite Sant Sèvis Kat Sekirite Sosyal la pèsònèlman pou tout sa ki konsène nimewo Sekirite Sosyal. Nap retounen tout dokiman ou ba ou.

ENPOTAN: Si ou gen laj douzan (12) oswa plis epi ou pat janm genyen yon nimero Sekirite Sosyal anvan, ou DWE aplike pèsònèlman.

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan fòm sa a, oubyen konsènan prèw dokiman ke nou bezwen, tanpri vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov. Si ou vizite sit entènèt nou an, asire ou ke ou genyen tout sa ou bezwen pou ou aplike pou yon kat oswa pou chanje enfòmasyon nan dosye ou. Ositou ou ka rele Sekirite Sosyal nan nimero sa a 1-800-772-1213 oswa kontakte biwo lokal ou. Ou kapab jwenn biwo Sekirite Sosyal oubyen Sant Sèvis Kat Sekirite Sosyal ki pi pre ou nan liv telefòn lokal ou oswa sou wèbsayt nou.

PWOTEJE NIMERO SEKIRITE SOSYAL OU AK KAT OU

Pwoteje kat Sekirite Sosyal ou epi pwoteje nimero ou tou pou yo pa pèdi epi pou moun pa volè idantite ou. **PA MACHE** avèk kat la sou ou. Kenbe li nan yon kote ki an sekirite epi mache avèk li sèlman lè ou ap chèche yon nouvo djòb, pou ouvri yon nouvo kont labank, oubyen pou ou jwenn benefis nan kèk ajans ameriken. **PA KITE** lòt moun sèvi avèk nimewo Sekirite Sosyal ou tankou se ta nimewo pa yo.

OSIJE DOKIMAN OU YO

Ou dwe ban nou wè tout dokiman ki nesèsè selon kalite demann ou. Ap genyen kèk sitiasyon kote n ap gen pou verifye dokiman ou nan ajans ki te founi yo. Si dokiman ou yo pa jan nou mande a, nou pa kapab travay sou aplikasyon ou.

- Nou bezwen dokiman **ORIJINAL** ou oswa **kopi ki sètifye nan biwo ki founi dokiman an**. N ap retounen dokiman ou ba ou apre nou fin wè yo.
- **Nou pa kapab aksepte fotokopi oswa kopi dokiman ki notarye.**
- Tanpri li **DOKIMAN NAP BEZWEN WE** nan paj 3.

KAT ORIJINAL: Pou aplike pou yon **kat orijinal**, ou ap bezwen montre **nou omwen 2** dokiman kòm prèw **laj, idantite, epi sitwayennte ameriken ou, oswa stati etranje ki legal ke imigrasyon ba ou pou ou travay. Si ou pa yon sitwayen ameriken oubyen ou pa gen stati legal ki ba ou pèmision pou travay, ou DWE pwouve ke ou gen yon rezon ki valab menm si se pa pou travay, ki fè ou bezwen yon kat. (Tanpri li KIJAN POU OU RANPLI APLIKASYON SA A, paj 2, seksyon 3).**

KAT RANPLASMAN: Pou aplike pou yon **kat ranplasman**, nou bezwen prè **idantite** (Tanpri li **IDANTITE**, paj 3). Si ou te fèt nan you peyi ki pa Etazini, ou ap bezwen ban nou prè ke ou se yon **sitwayen Ameriken oswa prè ke ou se yon etranje ki legal, ki gen pèmisyon imigrasyon pou travay**.

CHANJE ENFÔMASYON: Pou ou **CHANJE ENFÔMASYON**, si ou bezwen korije enfòmasyon sou kat Sekirite Sosyal ou oswa enfòmasyon sou dosye nou (tankou si non ou chanje oubyen si ou ap korije dat nesans ou), ou ap bezwen prè **idantite** ou **epitou** ou dwe montre nou **dokiman ki montre chanjman an epi ki montre pou ki rezon chanjman a ap fèt (pa egzantp, yon akdenesans pou chanje dat ou fèt oswa kote ou fèt)**. Youn dokiman ki ka sèvi pou chanje non ou (pa egzantp: yon sètifika maryaj) dwe idantifye ou sou ansyen non ou avèk nouvo non ou tou. Si nouvo dokiman a pa genyen ase enfòmasyon ki pou idantifye ou (Wè **IDANTITE**, paj 3), n ap mande ou pou ou montre nou yon dokiman ki fèt sou ansyen non ou, yon dokiman ki fèt sou nouvo non legal ou, anplis de dokiman ki montre chanjman non ou. Si ou te fèt nan you peyi ki pa Etazini, ou ap gen pou bay prè **sitwayènte ameriken ou tou oubyen prè stati etranje ki legal ou, ki gen pèmisyon imigrasyon pou travay**.

LIMIT NAN KANTITE KAT SEKIRITE SOSYAL RANPLASMAN

Lalwa Piblik 108-458 **limite kantite kat Sekirite Sosyal ranplasman ke ou ka resevwa**: sèlman 3 kat pandan you lane epi sèlman 10 kat pandan tout lavi ou. Nan limit sa yo Administrasyon Sekirite Sosyal p ap konte lè ou chanje non ou legalman (pa egzantp, si ou chanje non ou oswa siyati ou), avèk lè ou ap retire you restriksyon sou li (pa egzantp, Valab pou Travay avèk Otorizasyon DHS, Pa Valab pou Travay). Epitou, nou kapab fè kèk eksepsyon pou kèk ka lè nou egzamine chak ka epi si ou kapab ban nou prè ke ou bezwen you kat Sekirite Sosyal menm si ou **depase limit yo** (pa egzantp si ou montre nou you lèt ki sòti nan you ajans sèvis sosyal ki mande ou pou ou montre kat Sekirite Sosyal ou pou ou kapab resevwa benefis).

KIJAN POU OU RANPLI APLIKASYON SA A

Pifò nan bagay ki sou fòm sa a pa bezwen eksplikasyon. Pi ba a nou make sa ki bezwen eksplikasyon yo. Nimewo yo se menm ak nimewo bagay yo ki sou fòm nan. Si ou ap ranpli fòm sa a pou you lòt moun, tanpri ranpli bagay yo jan yo ye pou moun sa a.

2. Bay adrès kote ou ka resevwa kat ou a nan 10 a 14 jou.
3. Si ou make (Etranje legal Ki **Pa** gen Pèmisyon pou Travay), “Legal Alien **Not** Allowed to Work” fòk ou bay you dokiman ki sòti nan you ajans Gouvènman Federal oswa nan you ajans lokal ki eksplike pou ki rezon ou bezwen you nimewo Sekirite Sosyal, epi ki eksplike ke ou ranpli tout kondisyon pou ou resevwa benefis oswa sèvis gouvènman ameriken a. REMAK: se pa tout benefis ajans Leta oswa ajans lokal ke n ap aksepte pou nou ba ou you nimewo Sekirite Sosyal.
Si ou make “Lòt”, ou bezwen bay you dokiman ki sòti nan you ajans gouvènman ameriken ki eksplike pouki sa ou bezwen you nimewo Sekirite Sosyal epi ke ou ranpli tout kondisyon pou ou resevwa you benefis Federal, sòf nimewo a.
5. Ou bay enfòmasyon sou ras/koulè ou si ou vle. Men, si ou ban nou enfòmasyon sa, sa pral ede nou prepare rapò statistik sou kòman pwogram Sekirite Sosyal yo afekte moun. Nou pa bay idantite moun you nan rapò sa yo.
6. Make mwa, jou, ak tout (4 chif) ane ou fèt la, pa egzantp, “1998” pou ane ou fèt la.
- 8.B. Ou **dwe** make nimewo kat Sekirite Sosyal manman an sèlman si ou ap aplike pou you kat Sekirite Sosyal orijinal pou you timoun ki gen mwens pase laj 18 lane. Ou ka kite nimewo sa a vid si manman an pa t janm genyen you nimewo Sekirite Sosyal oswa si ou pa konnen nimewo Sekirite Sosyal manman an epi ou pa kapab jwenn li. Nou toujou ka bay timoun ki gen mwens pase laj 18 lane a you nimewo.
- 9.B. Ou **dwe** make nimewo Sekirite Sosyal papa a sèlman si ou ap aplike pou you kat Sekirite Sosyal orijinal pou you timoun ki gen mwens pase laj 18 lane. Ou ka kite nimewo sa a vid si papa a pa t janm genyen you nimewo Sekirite Sosyal, oswa ou pa konnen nimewo Sekirite Sosyal papa a epi ou pa ka jwenn li. Nou toujou ka bay timoun nan ki gen mwens pase laj 18 lane a you nimewo.
13. Si dat nesans ou montre nan nimewo 6 la se pa menm ak dat ou te montre nan you ansyen aplikasyon pou you kat Sekirite Sosyal, make dat nesans ou te montre nan ansyen aplikasyon a, tou epi bay prè laj ou pou sipòte dat ou montre nan nimewo 6 la.
16. Si ou genyen laj 18 lane oswa plis, ou **dwe siyen** aplikasyon an ou menm. Si ou gen mwens pase laj 18 lane, ou menm oswa you paran ou oswa gadyen legal ou kapab siyen li. Si ou pa gen kapasite fizik ak mantal pou siyen aplikasyon an, jeneralman you paran ou oswa you manm nan fanmi ou oswa gadyen legal ou kapab siyen li. Si ou pa ka siyen non ou, ou dwe fè you kwa “X”, epi tou gen de (2) lòt moun siyen kòm temwen nan espas kote ou fè kwa a. Tanpri pa chanje siyati ou epi pa ajoute lòt enfòmasyon sou liy kote pou ou siyen a paske sa kapab rann siyati ou pa akseptab. Rele nou si ou bezwen plis klarifikasyon sou ki moun ki ka siyen. (Li Nòt “ENPOTAN” sa a nan seksyon ki pale sou prè pou **IDANTITE** nan paj 3.)

DOKIMAN NOU BEZWEN WE

Lis dokiman ki pi ba a pa yon lis ki fin konplè nèt. Men, egzanp dokiman sa yo ap ba ou yon lide sou ki kalite dokiman nou bezwen wè. **Tout dokiman yo dwe ranpli kondisyon ki nan seksyon “OSIJE DOKIMAN OU YO” ki nan paj 1 an pou nou ka konsidere yo.** Si ou gen kesyon oubyen ou bezwen jwenn yon lide sou kèk lòt dokiman, li seksyon “Si ou gen kesyon” ki nan paj 1 an tou. Kèk dokiman ke nou **ka** aksepte se:

LAJ: Anjeneral, nou pito wè akdenesans ou. Men, nan kèk sitiyasyon nou ka aksepte lòt dokiman ki montre laj ou. Men kèk lòt dokiman nou ka aksepte:

- Dosye nesans lopital ameriken (yo fè lè ou te fèt la)
- Dosye relijyon ki te tabli anvan ou te gen laj 5 lane epi ki montre dat nesans ou
- Paspò
- Dosye final adopsyon (dosye adopsyon an dwe endike yo te pran enfòmasyon sou nesans lan nan akdenesans orijinal la)

Rele nou pou konsèy si ou pa ka jwenn youn nan dokiman sa yo.

IDANTITE: Nou dwe wè prèv idantite ki fèt sou non legal ou. Non legal ou ap parèt sou kat Sekirite Sosyal ou. Jeneralman, nou pito wè dokiman ki fèt Ozetazini. Dokiman ou montre nou pou montre idantite ou dwe montre non legal ou **epi tou** li dwe montre enfòmasyon biografik ou (dat nesans ou, laj ou, oubyen non paran ou) **epi/oswa** enfòmasyon pèsònèl ou (foto ou oubyen yon deskripsyon- wotè ou, koulè zye ou avèk koulè cheve ou, elatriye.). Ositou, si ou poste yon dokiman idantite ki gen foto men ou pa vini nan biwo a pèsònèlman, dokiman an **dwe** montre enfòmasyon biografik ou (tankou dat nesans ou, laj ou epi non paran ou). Pou proteje kat Sekirite Sosyal ou avèk nimewo a, dokiman idantite ou **montre** nou yo fèt pou yo resan.

NOU DWE WE:

- Lisans ameriken ou; oswa
- Kat idantite ameriken ou ki pa yon lisans pou kondui; oswa
- Paspò ameriken ou

Si ou pa genyen okenn nan dokiman sa yo oubyen ou pa ka jwenn yon ranplasman pou yo nan lespas 10 jou, nou ka anmezi pou nou aksepte lòt dokiman tankou yon kat idantite lame ameriken, yon Sètifika Natiralizasyon, oubyen yon kat idantite travay ou. Pou jèn timoun, nou ka aksepte dosye medikal (kat klinik, kat doktè oubyen kat lopital) ki sou kont founisè medikal la. Nou ka aksepte tou yon papye final adopsyon, yon kat idantite lekòl oubyen yon dosye lekòl ki sou kont lekòl la.

Si ou pa yon sitwayen ameriken, nou **dwe** wè yon dokiman imigrasyon ki pa ekspire ansanm avèk paspò etranje ou ki montre enfòmasyon biografik ou oubyen foto ou.

NOU PA KA AKSEPTE YON AKDENESANS, YON SOUVNI LOPITAL LA, KAT SEKIRITE SOSYAL OSWA SOUCH KAT LA OSWA DOSYE SEKIRITE SOSYAL ou kòm prèv idantite.

ENPÒTAN: Si ou ap **aplike pou yon kat pou yon lòt moun, ou dwe bay prèv ki montre ou gen otorite pou siyen aplikasyon an pou moun ki pral resevwa kat la** (pa egzanp, akdenesans yon timoun ki minè montre ke paran li gen otorite pou siyen pou li). **Anplis de sa,** nou dwe wè prèv idantite diferan pou ou menm epi pou moun ki pral resevwa kat la.

SITWAYENNTE AMERIKEN: Jeneralman, nou ka aksepte akdenesans ameriken ou oubyen Paspò ameriken ou. Lòt dokiman nou ka aksepte se rapò Nesans Konsila Ameriken ki montre ke ou se yon ameriken ki fèt nan yon peyi ki pa Ozetazini, yon Sètifika Sitwayennte, oswa yon Sètifika Natiralizasyon.

STATI IMIGRASYON OU: Nou bezwen wè yon dokiman ki pa ekspire ke Depatman Sekirite Nasyonal (Department of Homeland Security) ba ou, ki montre stati imigrasyon ou, tankou Fòm I-551, I-94, I-688B, oswa I-766. Nou PA KAPAB aksepte yon resi ki montre ke ou aplike pou dokiman an. Si ou pa gen pèmision pou travay Ozetazini, nou ka ba ou yon kat Sekirite Sosyal sèlman si ou bezwen nimewo pou yon rezon valab ki pa travay. (Li KI JAN POU RANPLI APLIKASYON SA A, paj 2, seksyon 3.) Lè sa a kat ou a ap make sou li ke ou pa ka travay. Si ou travay, nou pral fè Depatman Sekirite Nasyonal DHS konnen sa.

LWA SOU TRAVAY PAPYE YO/PWOTEKSYON VI PRIVE AK APLIKASYON OU LA (THE PAPERWORK/PRIVACY ACT AND YOUR APPLICATION)

Lwa lane 1974 la sou Pwoteksyon Vi Prive oblije nou bay chak moun avi sa-a lè yo ap aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal.

Seksyon 205(c) ak 702 nan lwa Sekirite Sosyal la pèmèt nou ranmase enfòmasyon nou mande yo nan fòm sa a.

Nou sèvi ak enfòmasyon ou ban nou sou fòm sa a pou nou ba ou yon nimewo Sekirite Sosyal epi pou nou ba ou yon kat Sekirite Sosyal. Ou pa oblije ba nou enfòmasyon sa yo, men, san yo nou pap ka ba ou yon nimewo Sekirite Sosyal oswa yon kat. Si ou pa gen yon nimewo Sekirite Sosyal ou ka pa ka travay epi ou ka pèdi benefis Sekirite Sosyal nan lavni.

Sèvis Enpo sou Revni Ameriken sèvi ak nimewo Sekirite Sosyal yo tou pou jere taks epi pou idantifye moun ki prepare papyè taks yo, ki gen revni ke yo rapòte nan Sèvis Enpo sou Revni Ameriken, epi tou pou idantifye moun ki parèt kòm depandan sou deklarasyon Gouvènman Federal la retounen ba ou.

Si li nesèsè, nou ka bay pwogram Sekirite Sosyal yo ansanm ak ajans ki ranfòse lalwa yo, enfòmasyon sou ou, pou yo ka envestige moun ki pa swiv lwa Sekirite Sosyal; nou ka bay enfòmasyon sou ou tou bay lòt ajans gouvènman ki jere tit, sante, ak pwogram byennèt yo tankou Medicaid, Medicare, benefis pou veteran, pansyon pou militè, epi lajan pa ane pou sèvis sivil, black lung (maladi poumon ki afekte moun ki travay nan chabon), kay, prè pou etidyan, retrèt pou travayè ray tren, ak kupon pou manje; nou ka bay Sèvis Enpo sou Revni Ameriken yo, pou jere taks federal; epi nou ka bay patwon ak ansyen patwon ou pou yo prepare rapò lajan yo. Nou ka bay enfòmasyon yo jan lalwa federal mande sa, pa egzanp Depatman Sekirite Nasyonal (Department of Homeland Security), pou idantifye epi pou konnen kote etranje yo ye nan peyi Etazini; nou ka bay Sistèm Sèvis Selektif (Selective Service System) pou enskri moun pou ale nan lagè; epi nou ka bay Depatman Sante ak Sèvis Imen pou retire lajan paran ki pa ansanm bay kom sipò pou pitit yo. Nou ka verifye nimewo Sekirite Sosyal pou ajans Leta ki okipe sikilasyon otomobil ki sèvi ak nimewo Sekirite Sosyal pou bay lisans, jan Lwa Sekirite Sosyal la pèmèt yo fè li. Finalman, nou ka bay reprezantan Kongrè ou enfòmasyon sa a si yo mande nou enfòmasyon li pou yo reponn kesyon ou poze yo.

Nou ka sèvi ak enfòmasyon ou ba nou lè nou ap mete dosye ansanm nan òdinatè. Lè nou mete pwogram yo ansanm nou konpare dosye nou yo ak dosye lòt ajans federal, ajans leta oswa ajans gouvènman lokal pou nou wè si yon moun kalifye pou resevwa benefis gouvènman federal la peye. Lalwa pèmèt nou pou fè sa menm si ou pa dakò avèk sa.

Ou ka jwenn eksplikasyon nan biwo Sekirite Sosyal yo sou tout rezon sa yo ansanm ak lòt rezon ankò pou kisa nou ka sèvi ak enfòmasyon ou ba nou /oswa nou ka bay enfòmasyon ou te ba nou. Si ou vlé aprann plis sou sa, kontakte nenpòt ki biwo Sekirite Sosyal.

Rasanbleman enfòmasyon sa a ranpli kondisyon nan 44 U.S.C. §3507 ki ban nou pèmision pou sa, dapre chanjman nan Seksyon 2 nan Lwa lane 1995 sou Rediksyon Papyè (Paperwork Reduction Act of 1995). Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo sòf si nou ba ou yon bon nimewo kontwòl Biwo Direksyon ak Bidjè. Nou pansé lap pran apeprè 8.5 a 9.5 minit pou ou li eksplikasyon yo, rasanble enfòmasyon yo, epi reponn kesyon yo. *Ou kapab voye kòmantè sou estimasyon tan ki pi wo a nan: 6401 Security Blvd., Baltimore, MD 21235-6401. **Voye sèlman kòmantè ki gen rapò ak estimasyon tan nou fè a nan adrès sa a, pa voye fòm ou fin ranpli a nan adrès sa a.***

POTE FOM OU FIN RANPLI NET LA OUBYEN VOYE LI PA LAPOS NAN BIWO SEKIRITE SOSYAL LOKAL OU. Biwo a enskri nan liv telefòn nan seksyon Ajans Gouvènman Ameriken oswa ou ka rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213. Ositou ou ka jwenn adrès biwo Sekirite Sosyal ki pi pre ou sou entènèt nan www.socialsecurity.gov.

SOCIAL SECURITY ADMINISTRATION

Application for a Social Security Card

Form Approved
OMB No. 0960-0066

1	NAME _____ <small>TO BE SHOWN ON CARD</small>			First	Full Middle Name	Last
	FULL NAME AT BIRTH IF OTHER THAN ABOVE			First	Full Middle Name	Last
	OTHER NAMES USED					
2	MAILING ADDRESS _____ <small>Do Not Abbreviate</small>					
	Street Address, Apt. No., PO Box, Rural Route No.					
		City	State	ZIP Code		
3	CITIZENSHIP _____ <small>(Check One)</small>					
	<input type="checkbox"/> U.S. Citizen		<input type="checkbox"/> Legal Alien Allowed To Work		<input type="checkbox"/> Legal Alien Not Allowed To Work (See Instructions On Page 2)	
		<input type="checkbox"/> Other (See Instructions On Page 2)				
4	SEX _____					
	<input type="checkbox"/> Male		<input type="checkbox"/> Female			
5	RACE/ETHNIC DESCRIPTION _____ <small>(Check One Only - Voluntary)</small>					
	<input type="checkbox"/> Asian, Asian-American or Pacific Islander		<input type="checkbox"/> Hispanic		<input type="checkbox"/> Black (Not Hispanic)	
		<input type="checkbox"/> North American Indian or Alaskan Native		<input type="checkbox"/> White (Not Hispanic)		
6	DATE OF BIRTH _____ <small>Month, Day, Year</small>			7	PLACE OF BIRTH _____ <small>(Do Not Abbreviate)</small>	
					City	State or Foreign Country
8	A. MOTHER'S NAME AT HER BIRTH _____			First	Full Middle Name	Last Name At Her Birth
	B. MOTHER'S SOCIAL SECURITY NUMBER (See instructions for 8B on Page 2) _____			□ □ □ □ - □ □ □ □ □ □ □ □		
9	A. FATHER'S NAME _____			First	Full Middle Name	Last
	B. FATHER'S SOCIAL SECURITY NUMBER (See instructions for 9B on Page 2) _____			□ □ □ □ - □ □ □ □ □ □ □ □		
10	Has the applicant or anyone acting on his/her behalf ever filed for or received a Social Security number card before?					
	<input type="checkbox"/> Yes (If "yes", answer questions 11-13.)		<input type="checkbox"/> No (If "no," go on to question 14.)		<input type="checkbox"/> Don't Know (If "don't know," go on to question 14.)	
11	Enter the Social Security number previously assigned to the person listed in item 1. _____			□ □ □ □ - □ □ □ □ □ □ □ □		
				First	Middle Name	Last
12	Enter the name shown on the most recent Social Security card issued for the person listed in item 1. _____					
				First	Middle Name	Last
13	Enter any different date of birth if used on an earlier application for a card. _____					
				_____ Month, Day, Year		
14	TODAY'S DATE _____ <small>Month, Day, Year</small>			15	DAYTIME PHONE NUMBER () - _____	
					Area Code	Number
16	I declare under penalty of perjury that I have examined all the information on this form, and on any accompanying statements or forms, and it is true and correct to the best of my knowledge.					
	YOUR SIGNATURE _____			17 YOUR RELATIONSHIP TO THE PERSON IN ITEM 1 IS:		
		<input type="checkbox"/> Self		<input type="checkbox"/> Natural Or Adoptive Parent		<input type="checkbox"/> Legal Guardian
		<input type="checkbox"/> Other (Specify) _____				
DO NOT WRITE BELOW THIS LINE (FOR SSA USE ONLY)						
NPN		DOC		NTI		CAN
ITV		PBC		EVI	EVA	EVC
PRA		NWR		DNR		UNIT
EVIDENCE SUBMITTED				SIGNATURE AND TITLE OF EMPLOYEE(S) REVIEWING EVIDENCE AND/OR CONDUCTING INTERVIEW		
				_____ DATE		
				_____ DATE		
				DCL DATE		